



Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK DEPATMAN SANTE ETA A POU LI  
KÒMANSE EGZEKITE PWOTOKÒL LOPITAL SOU 'OGMANTASYON AK  
FLEKSIBILITE' A**

*Yo òdone lopital yo pou yo ogmante kapasite yo nan 25%*

*Yo ap dezinye kèk rejon kòm Zòn Wouj si yo prevwa ke kapasite lopital yo ap vini ijan*

*NY ap mande doktè ak enfimyè ki retrete yo pou yo retounen nan sèvis; anrejistreman an ap renouvre otomatikman, yo siprime frè yo*

*Yo ap fèmen sèvis manje andedan yo nan NYC epi yo redwi nan 25% nan rès Eta a si kantite pasyan yo ki entène nan rejon an pa estabilize pandan 5 pwochen jou yo*

*4,602 pasyan entène nan tout Eta a*

*872 pasyan nan ICU; 477 nan entibasyon*

*Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 4.79%*

*80 moun mouri akòz COVID-19 nan Eta New York yè*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay enstriksyon ak Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la pou li kòmanse egzekite pwotokòl "ogmantasyon ak fleksibilite (surge and flex)" a epi pou li òdone tout lopital yo pou yo kòmanse ogmante kapasite kabann yo nan 25 poustan pou yo prepare pi plis lopital yo pou yon ogmantasyon COVID-19 alavni. Lopital yo te ap prepare plan yo avan pou mezi sa a nan kad Plan COVID Ivè (Winter COVID Plan) New York la. Anplis de sa, Gouvènè a te lanse yon apèl bay tout doktè ak enfimyè ki retrete yo kote li ankouraje yo retounen nan sèvis si yo kapab fè sa. Yo pral renouvre anrejistreman an gratis pou moun ki ranpli kesyonè a atravè pòtay volontè a, ke Depatman Sante a kreye a.

Gouvènè a te anonse tou ke yo pral dezinye rejon yo ki atenn kapasite lopital ki ijan yo kòm Zòn Wouj anba estrateji mikwo-gwouzman New York la. Espesyalman, pou swiv egzekisyón pwogram "ogmantasyon ak fleksibilite" Eta a, si pousantaj pasyan ki entène

pandan yon mwayèn 7 jou nan yon rejyon montre ke rejyon an pral atenn 90 pouzan nan twa pwochen semèn yo, rejyon an pral vini yon Zòn Wouj.

Finalman, pou swiv Mizajou nan direktif ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a, Gouvènè a te anonse ke si pousantaj pasyan ki entène nan yon rejyon pa estabilize nan senk pwochen jou yo, yo pral aplike restriksyon anplis pou sèvis manje andeden yo. Si pousantaj pasyan ki entène yo pa estabilize nan Vil New York nan senk pwochen jou yo, yo pral sispann sèvis manje andeddan yo; si pousantaj la pa estabilize nan rejyon ki andeyò Vil New York yo, restriksyon kapasite yo pral redwi nan 25 pouzan.

"Isit la nan New York, nou te swiv done yo ak lasyans. Nou fè pi plis anpil pase nenpòt lòt Eta nan Etazini, nou gen pi plis pwen done, epi nou depann de done yo. Se pa yon anekdòt, se pa politik, se pa yon opinyon. Kounye a, done yo ap montre nou ke pousantaj ki pi wo nan pasyan ki entène yo twouve yo an reyalite nan rejyon nò a - Finger Lakes, ki se zòn Monroe, Rochester. Buffalo, Rejyon Lwès New York, New York Santral. Ou desann nan Vil New York, Long Island, nou genyen an reyalite yon pousantaj pasyan ki entène ki pi ba pase rejyon nò a, ki se yon chanjman egzak sou kote nou te yo nan prentan an. Nan prentan an, nou te genyen yon sitiyasyon ki te globalman pi mal nan rejyon sid la epi nan rejyon nò a sitiyasyon an te pi bon anpil", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te fè kèk bagay ki diferan de sa lòt Eta yo te fè. Nan New York, Eta a fikse tout politik yo epi li kenbe chif ki detèminan pou politik sa yo. Kounye a, nou ap fèmen si ou atenn kapasite lopital ki ijan. Nou ap egzekite ogmantasyon ak fleksibilite a. Nou pral ajoute 25 pouzan kabann lopital anplis. Nou pral renouve anrejistremman pou enfimyè ak doktè yo pou nou kapab mete sou pye yon rezèv pèsonèl ki ka sipòte nou, nou pral kontinye pran prekosyon konsènan ti pwopagasyon yo epi an menm tan, nou ap mete nou sou wout pou nou genyen pwogram vaksen ki pi efisyen, ki pi efikas, ki pi ekitab nan peyi a, nan atenn kominate nwa yo, latino yo, moun ki pa gen papye yo, pou nou asire nou ke li ekitab. Bòn nouvèl la sè ke New York toujou genyen youn nan pousantaj pozitivite ki pi ba nan nasyon an. Sèlman Maine, Vermont, Hawaii pi ba pase nou epi Maine, Vermont, Hawaii — se bèl Eta — men yo diferan de New York. Yo pa genyen gran vil yo, yo pa genyen dansite a, kidonk, pou nou menm kapab si ba, se vrèman yon bon nouvèl."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Entène** - 4,602 (+160)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 530
- **Lopital Konte yo** - 55
- **Kantite ICU** - 872 (+22)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 477 (+13)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 88,263 (+314)
- **Moun ki Mouri** - 80
- **Total Moun ki Mouri** - 27,232

Kapasite kabann lopital rejyon an ak kantite moun ki ladan yo, gen ladan kantite pasyan ki entène kòm pousantaj nan popilasyon rejyon an, repati konsa:

Rejyon	Pasyan COVID ki Atkyèlman nan Lopital nan Rejyon an	Moun ki Entène akòz COVID kòm Pousantaj Popilashyon Rejyon an	Pousantaj Kabann Lopital ki Disponib nan Rejyon an
Capital Region	220	0.02%	26%
Central New York	296	0.04%	26%
Finger Lakes	545	0.05%	30%
Long Island	702	0.03%	18%
Mid-Hudson	618	0.03%	25%
Mohawk Valley	146	0.03%	26%
New York City	1416	0.02%	19%
North Country	38	0.01%	46%
Southern Tier	134	0.02%	39%
Western New York	487	0.04%	28%
<b>TOTAL NYS</b>	<b>4,602</b>	<b>0.02%</b>	<b>23%</b>

Kapasite kabann pou Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) ak kantite moun ki ladan yo repati konsa:

Rejyon	Total Kabann pou ICU nan Rejyon an	Total Kabann pou ICU ki Okipe nan Rejyon an	Pousantaj Kabann pou ICU ki Disponib nan Rejyon an
Capital Region	314	167	44%
Central New York	290	189	33%
Finger Lakes	659	246	62%

Long Island	801	579	25%
Mid-Hudson	728	368	48%
Mohawk Valley	131	99	26%
New York City	2290	1687	27%
North Country	67	33	54%
Southern Tier	129	82	35%
Western New York	559	293	50%
<b>NYS TOTAL</b>	<b>5,968</b>	<b>3,743</b>	<b>37%</b>

Pousantaj rezulta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejon ke yo repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	4.32%	4.50%	4.60%
Central New York	5.48%	5.19%	5.55%
Finger Lakes	6.56%	6.80%	7.01%
Long Island	5.20%	5.38%	5.50%
Mid-Hudson	5.77%	5.97%	6.03%
Mohawk Valley	6.09%	6.35%	6.53%
New York City	3.99%	4.01%	4.04%
North Country	4.12%	4.39%	4.50%
Southern Tier	2.63%	2.33%	2.09%
Western New York	7.44%	7.40%	7.34%

Pousantaj rezulta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Bronx	4.60%	4.64%	4.70%
Brooklyn	3.91%	3.98%	4.04%
Manhattan	2.68%	2.56%	2.50%
Queens	4.33%	4.43%	4.54%
Staten Island	6.03%	6.30%	6.36%

Nan total 713,129 moun ki te teste pozitif pou viris la, zòn jewografik yo repati konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	6,818	107
Allegany	1,239	15
Broome	6,003	57
Cattaraugus	1,439	27
Cayuga	1,196	77
Chautauqua	1,917	24
Chemung	3,457	24
Chenango	739	15
Clinton	549	9
Columbia	1,111	11
Cortland	1,219	16
Delaware	446	14
Dutchess	8,192	93
Erie	29,720	383
Essex	321	5
Franklin	350	28
Fulton	634	21
Genesee	1,328	25
Greene	802	9
Hamilton	60	0
Herkimer	917	32
Jefferson	796	15
Lewis	475	8
Livingston	906	11
Madison	1,209	30
Monroe	19,518	444
Montgomery	628	5
Nassau	65,632	534
Niagara	4,952	139
NYC	333,771	2,765
Oneida	6,382	112
Onondaga	12,941	279
Ontario	1,659	30
Orange	18,349	130
Orleans	721	13
Oswego	2,056	17
Otsego	747	18
Putnam	3,368	37
Rensselaer	2,145	45

Rockland	22,897	97
Saratoga	2,787	53
Schenectady	3,081	49
Schoharie	250	5
Schuyler	355	3
Seneca	389	7
St. Lawrence	1,138	38
Steuben	2,084	25
Suffolk	67,860	748
Sullivan	2,315	13
Tioga	1,260	9
Tompkins	1,336	30
Ulster	3,897	39
Warren	662	5
Washington	491	2
Wayne	1,418	26
Westchester	55,187	516
Wyoming	697	7
Yates	313	6

Yè, te gen 80 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 27,232. Zòn jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

<b>Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo moun ki mouri yo</b>
Albany	1
Allegany	1
Bronx	3
Broome	1
Cattaraugus	1
Chautauqua	1
Chemung	2
Dutchess	2
Erie	11
Franklin	1
Genesee	1
Kings	3
Livingston	1
Madison	1
Manhattan	2

Monroe	1
Nassau	4
Niagara	2
Oneida	2
Onondaga	2
Ontario	1
Orange	2
Queens	7
Rensselaer	2
Richmond	4
Rockland	3
Saratoga	1
Steuben	1
Suffolk	5
Sullivan	1
Ulster	3
Wayne	2
Westchester	5

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)